



Avi Anyèl sou Chanjman 2025 ou yo

HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

Sèvis Manm:

1-877-336-2069 TTY: 1-877-206-0500

www.healthsun.com

Tire pi bon avantaj nan plan ou an.

Nou konnen swen sante ka konplike. Se poutèt sa nou vle asire nou ou gen enfòmasyon ak zouti ou bezwen yo pou pran pi bon desizyon pou ou.

Avi Anyèl sou Chanjman ou an konpare avantaj 2024 ou yo ak nouvo avantaj 2025 ou yo. Li enpòtan pou w li li, pou w ka santi ou gen kontwòl lè w ap kòmanse nouvo ane plan ou a.

Sèvi ak lis verifikasyon itil sa a pandan w ap revize:

- Li avèk atansyon.** Revize dokiman sa a pou nenpòt chanjman nan kouvèti medikal ou ak pri yo (ansanm ak nenpòt chanjman nan kouvèti medikaman preskripsyon, si sa aplikab). Sa ap ede w konnen a kisa w dwe atann ou pandan w ap kòmanse avantaj ou yo an 2025.
- Aprann plis.** Dokiman sa a eksplike sa ki pral chanje an 2025 an jeneral, men Prèv Kouvèti ou a (EOC) gen yon deskripsyon detaye sou tout avantaj plan ou yo. Enfòmasyon sou plan 2025 ou a, ki gen ladan EOC ou a, ap disponib sou entènèt sou kont sekirize ou a nan **www.healthsun.com** le 15 Oktòb. Ou ka revize li pou prepare pou w Peryòd Eleksyon Anyèl la ki soti 15 Oktòb pou rive 7 Desanm 2024. Se sa a otremman yo rekonèt kòm Enskripsyon Lib - peryòd chak ane kote ou ka chanje plan Medicare Advantage ou ak/oswa kouvèti Pati D ou a, epi/oswa retounen nan Original Medicare. Ou ka kontakte Sèvis Manm tou pou yon kopi enprime.
- Kontakte nou pou tout kesyon ou genyen.** Nou pare pou sipòte w nan pakou swen sante w la. Ou ka rele nou nan nimewo telefòn ki sou do kat IDANTIFIKASON manm ou a.

Mèsi ankò paske w chwazi HealthSun. Nou vrèman kontan dèske w la.



HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP) Plan Sante HealthSun ofri Avi Anyèl sou Chanjman pou 2025

Ou enskri kounye a kòm yon manm nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP). Ane pwochèn, pral gen chanjman nan depans ak avantaj plan an. **Tanpri konsilte paj 5 la pou jwenn yon Rezime sou Depans Enpòtan yo, ki gen ladan Prim Asirans.**

Dokiman sa a pale sou chanjman ki fèt nan plan ou an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou depans, avantaj, oswa règleman yo tanpri revize *Prèk Kouvèti Asirans* lan, ki sou sit entènèt nou an nan www.healthsun.com Ou ka rele Sèvis Manm yo tou pou mande nou voye yon *Prèk Kouvèti Asirans* pou ou pa lapòs.

Kisa pou w fè kounye a

1. MANDE: Ki chanjman ki aplike pou ou

- Verifye chanjman nan avantaj ak depans nou yo pou wè si yo afekte ou.
 - Revize chanjman ki fèt nan depans swen medikal yo (doktè, lopital).
 - Revize chanjman ki fèt nan kouvèti medikaman nou an, ki gen ladan restriksyon sou kouvèti ak pataj pri yo.
 - Reflech sou konbyen lajan ou pral depanse nan prim asirans, dediktib, ak pataj pri.
 - Verifye chanjman ki fèt nan "Lis Medikaman" 2025 la pou asire w medikaman w ap pran kounye a toujou kouvri.
 - Konpare enfòmasyon plan 2024 ak 2025 la pou w wè si nenpòt nan medikaman sa yo ap deplase nan yon nivo pataj pri diferan oswa si yo pral sijè a diferan restriksyon, tankou otorizasyon davans, terapi etap, oswa yon limit kantite, pou 2025.
- Verifye pou wè si doktè swen prensipal, espesyalis, lopital ak lòt founisè ou yo, ki gen ladan famasi yo ap nan rezo nou an ane pwochèn.
- Verifye si ou elijib pou asistans pou peye medikaman preskripsyon Moun ki gen revni limite ka elijib pou "Èd Sipleman" nan Medicare.
- Reflech pou wè si ou kontan ak plan nou an.

2. KONPARE: Aprann sou lòt chwa plan yo

- Tcheke kouvèti asirans ak depans plan yo nan zòn ou an. Sèvi ak Medicare Plan Finder a nan www.medicare.gov/plan-compare oswa revize lis ki nan do manyèl *Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025)* ou an. Pou plis sipò, kontakte Pwogram Asistans Asirans Sante Eta ou a (SHIP) pou pale ak yon konsèyè ki resevwa fòmasyon.
- Yon fwa ou limite chwa ou an nan yon plan prefere, konfime depans ak kouvèti asirans ou an sou sit entènèt plan an.

3. **DESIDE:** Decide si ou vle chanje plan ou an

- Si w pa antre nan yon lòt plan anvan 7 Desanm 2024, w ap rete nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)
- Pou **chanje nan yon lòt plan**, ou ka chanje plan ant 15 Oktòb rive 7 Desanm. Nouvo kouvèti asirans ou an ap kòmanse **1ye Janvye 2025**. Sa pral mete fen nan enskripsyon w nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP).
- Gade nan Seksyon 3.2, paj 14 pou aprann plis sou chwa w yo.
- Si w te fèk demenaje, oswa viv kounye a nan yon enstitisyon (tankou yon sant retrèt kalifye oswa yon lopital swen alontèm), ou ka chanje plan oswa travèse nan Original Medicare (swa avèk oswa san yon plan medikaman sou preskripsyon Medicare) nenpòt ki lè. Si ou te fèk deplase soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje nan Original Medicare pou de mwa konplè aprè mwa ou demenaje a.

Lòt Resous

- Dokiman sa a disponib gratis an panyòl.
- Tanpri kontakte nimewo Sèvis Manm nou an nan 1-877-336-2069 pou plis enfòmasyon. (Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-206-0500.) Orè yo se 8 a.m jiska 8 p.m, sèt jou pa semèn (eksepte Jou Thanksgiving ak Nwèl) soti 1ye Oktòb jiska 31 Mas, ak Lendi rive Vandredi (eksepte jou ferye) soti 1ye Avril jiska 30 Septanm. Apèl sa a gratis.
- Dokiman sa a disponib pou kòmande an lang bray, gwo lèt ak odyo. Pou mande dokiman sa a nan yon lòt fòm, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan nimewo telefòn ki enprime sou devan dokiman sa a.
- **Kouvèti nan Plan sa a fè w elijib antanke Kouvèti Asirans Sante Kalifye (QHC)** epi li satisfè egzijans responsablite endividyèl pataje Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (ACA). Tanpri vizite sit entènèt Internal Revenue Service (IRS) nan: www.irs.gov/Affordable-Care-Act/Individuals-and-Families pou plis enfòmasyon.

Konsènan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

- HealthSun Health Plans se yon plan HMO D-SNP ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra Medicaid ak Ajans Eta Florid pou Administrasyon Swen Sante. Enskripsyon nan Plan HealthSun Health yo depann de renouvèlman kontra a. Plan an genyen tou yon akò alekri avèk pwogram Medicaid Florida a pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo.
- Lè dokiman sa a di “nou,” “nou,” or “pou nou,” sa vle di HealthSun Health Plans. Lè li di “plan” oswa “plan nou an,” sa vle di HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP).

Avi Anyèl sou Chanjman pou 2025 Tabdèmatyè

Rezime Depans Enpòtan pou 2025.....	5
SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Ane Pwochèn	6
Seksyon 1.1 – Chanjman nan Prim Asirans Chak Mwa a	6
Seksyon 1.2 – Chanjman nan Montan Maksimòm ki Soti nan Pòch ou an	6
Seksyon 1.3 – Chanjman nan Rezo Founisè ak Famasi yo	7
Seksyon 1.4 - Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Sèvis Medikal.....	7
Seksyon 1.5 – Chanjman nan Pati D Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon	11
SEKSYON 2 Chanjman Administratif.....	13
SEKSYON 3 Deside Ki Plan pou w Chwazi	14
Seksyon 3.1 – Si ou vle rete nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)	14
Seksyon 3.2 – Si ou vle chanje plan	14
SEKSYON 4 Dat limit pou Chanje Plan yo	15
SEKSYON 5 Pwogram Ki Ofri Konsèy Gratis sou Medicare ak Medicaid	15
SEKSYON 6 Pwogram Ki Ede Peye pou Medikaman sou Preskripsyon	16
SEKSYON 7 Kesyon?	16
Seksyon 7.1 – Jwenn Èd nan men HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)	16
Seksyon 7.2 – Jwenn Èd nan men Medicare.....	17
Seksyon 7.3 – Jwenn Èd nan men Medicaid.....	17

Rezime Depans Enpòtan pou 2025

Tablo ki pi ba a konpare depans 2024 ak depans 2025 pou HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP) nan plizyè domèn enpòtan. **Tanpri sonje sa a se sèlman yon rezime depans yo.** Si w elijib pou asistans pou pataje frè Medicare anba Medicaid, ou peye \$0.00 pou franchiz ou, vizit nan biwo doktè, ak entènè lopital.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
Prim asirans plan chak mwa* * Prim asirans ou an ka pi wo pase montan sa a. Gade Seksyon 1.1 pou jwenn plis detay.	\$0.00 - \$19.80	\$0.00
Vizit nan klinik doktè	Vizit swen prensipal yo: \$0.00 kopeman pou chak vizit Vizit espesyalis: \$0.00 kopeman pou chak vizit	Vizit swen prensipal yo: \$0.00 kopeman pou chak vizit Vizit espesyalis: \$0.00 kopeman pou chak vizit
Sejou lopital pou pasyan ki entènè	\$0.00 kopeman pa sejou	\$0.00 kopeman pa sejou
Pati D kouvèti medikaman sou preskripsyon (Gade Seksyon 1.5 pou plis detay.)	Dediktib: Etap pèman sa a pa aplike pou ou. Etap Kouvèti Inisyal: ou pa peye yon kopèman pou medikaman Pati D ki kouvri w yo. Kouvèti Katastwofik: <ul style="list-style-type: none"> Pandan etap pèman sa a, plan an peye pri konplè pou medikaman Part D ou yo ki garanti yo ak medikaman ki kouvri anba avantaj amelyore nou an. Ou pa peye anyen. 	Dediktib: Etap pèman sa a pa aplike pou ou. Etap Kouvèti Inisyal: ou pa peye yon kopèman pou medikaman Pati D ki kouvri w yo. Kouvèti Katastwofik: <ul style="list-style-type: none"> Pandan etap peman sa a, ou pa peye anyen pou medikaman Pati D ou yo ki kouvri yo ak pou medikaman ki eskli yo ki kouvri anba avantaj ogmante nou an.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
<p>Kantite maksimòm montan ki soti nan pòch</p> <p>Sa a se pi plis w ap peye nan pòch ou pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri ou yo.</p> <p>(Gade Seksyon 1.2 pou jwenn plis detay.)</p>	<p>\$3,450.00</p> <p>Si w elijib pou asistans konplè pataj frè Medicare anba Medicaid, ou pa responsab pou w peye okenn frè ki soti nan pòch ou nan montan maksimòm ki ta dwe soti nan pòch pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>	<p>\$3,450.00</p> <p>Si w elijib pou asistans konplè pataj frè Medicare anba Medicaid, ou pa responsab pou w peye okenn frè ki soti nan pòch ou nan montan maksimòm ki ta dwe soti nan pòch pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>

SEKSYON 1 Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Ane Pwochè

Seksyon 1.1 – Chanjman nan Prim Asirans Chak Mwa a

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
<p>Prim asirans chak mwa</p> <p>(Ou dwe kontinye peye tou prim asirans Medicare Pati B ou a sof si Medicaid peye l pou ou.)</p>	\$0.00 - \$19.80	\$0.00

Seksyon 1.2 – Chanjman nan Montan Maksimòm ki Soti nan Pòch ou an

Medicare egzije pou tout plan sante yo limite kantite lajan ou peye nan pòch ou pou ane a. Yo rele sa a montan maksimòm ki soti nan pòch. Yon fwa ou rive nan montan sa a, jeneralman ou pa peye anyen pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri pou rès ane a.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
<p>Kantite maksimòm montan ki soti nan pòch</p> <p>Paske manm nou yo jwenn asistans nan men Medicaid tou, se kèk grenn manm ki rive atenn maksimòm lajan nan pòch sa a.</p> <p>Si w elijib pou asistans Medicaid avèk kopeman Pati A ak Pati B, ou pa responsab pou peye okenn frè ki soti nan pòch ou nan kantite lajan maksimòm ki soti nan pòch pou sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo.</p>	\$3,450.00	<p>\$3,450.00</p> <p>Yon fwa ou fin peye \$3,450.00 ki soti nan pòch ou pou Sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri yo, ou p ap peye anyen pou Sèvis Pati A ak Pati B ki kouvri w yo pou rès ane kalandriye a.</p>

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
Depans ou yo pou Sèvis medikal ki kouvri yo (tankou kopèman) konte nan montan lajan maksimòm ki soti nan pòch ou. Depans ou pou medikaman sou preskripsyon yo pa konte nan montan lajan maksimòm ki soti nan pòch la.		

Seksyon 1.3 – Chanjman nan Rezo Founisè ak Famasi yo

Kantite lajan ou peye pou medikaman sou preskripsyon ou yo ka depann de ki famasi ou itilize. Plan medikaman Medicare gen yon rezo famasi. Nan pifò ka yo, preskripsyon ou yo garanti sèlman si yo ranpli nan famasi ki nan youn nan famasi ki nan rezo nou yo.

Anyè mizajou yo disponib sou sit entènèt nou an nan www.healthsun.com. Ou ka rele Sèvis Manm yo tou pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou founisè ak/oswa famasi oswa pou mande nou voye yon anyè pa lapòs pou ou, n ap voye pa lapòs nan twa jou ouvrab.

Gen chanjman nan rezo founisè nou an pou ane pwochè. **Tanpri revize Anyè Founisè ak Famasi 2025 la www.healthsun.com pou wè si founisè ou yo (founisè swen prensipal, espesyalis, lopital, elatriye) nan rezo nou an.**

Gen chanjman nan rezo famasi nou an pou ane pwochè. **Tanpri revize Anyè Founisè ak Famasi 2025 la www.healthsun.com pou wè ki famasi ki nan rezo nou an.**

Li enpòtan pou w konnen ke nou ka fè chanjman nan lopital, doktè ak espesyalis (founisè), ak famasi ki fè Pati plan ou an pandan ane a. Si yon chanjman founisè nan mitan ane a afekte w, tanpri kontakte Sèvis Manm nan pou nou ka bay asistans.

Seksyon 1.4 - Chanjman nan Avantaj ak Depans pou Sèvis Medikal

Tanpri sonje *Avi Anyèl sou Chanjman* an fè w konnen chanjman nan avantaj ak depans Medicare ou yo.

N ap fè chanjman nan depans ak avantaj pou sèten sèvis medikal ane pwochè. Enfòmasyon ki pi ba a dekri chanjman sa yo.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
Sèvis dantè (Siplemantè)	Plan sa a kouvri jiska yon \$5,000 alokasyon pou sèvis dantè prevantif ak konplè chak ane. \$0.00 kopèman pou avantaj dantè siplemantè ki garanti yo.	Plan sa a kouvri jiska yon \$5,000 alokasyon pou sèvis dantè prevantif ak konplè chak ane. \$0.00 kopèman pou avantaj dantè siplemantè ki garanti yo.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
	<p>Sèvis dantè prevantif:</p> <ul style="list-style-type: none"> • De egzamen oral chak ane. • De pwofilaksi (netwayaj) chak ane. • De tretman fliyò chak ane. • Yon seri radyografi dantè tip bitewing de fwa chak ane. • Yon seri konplè reyon radyografi bouch konplè (panoramik) chak twazan. <p>Sèvis dantè konplè:</p> <ul style="list-style-type: none"> • De enplan chak ane. • De kouwòn chak ane. • De kanal rasin chak ane. • Kat fouraj chak ane (kat dan). • Kat ekstraksyon chak ane. • Yon dekalè parodontal/ planaj rasin pou chak kadran chak ane. • Yon debridman bouch konplè chak 24 mwa youn apre lòt. • Yon fo dan pasyèl chak twazan. • Yon pwotèz siperyè total (danti) chak twazan. • Yon pwotèz enferyè total (danti) chak twazan. • Lòt operasyon oral/maxilofasyal ak sèvis dantè lè medikalman nesèsè. 	<p>Sèvis dantè prevantif:</p> <ul style="list-style-type: none"> • De egzamen oral chak ane. • De pwofilaksi (netwayaj) chak ane. • De tretman fliyò chak ane. • De radyografi dantè peryapikal chak ane. • De dantè radyografi bitewing chak ane. • Yon seri konplè reyon radyografi panoramik chak twazan. <p>Sèvis dantè konplè:</p> <ul style="list-style-type: none"> • De enplan chak ane. • De kouwòn chak ane. • De kanal rasin chak ane. • Kat amalgam oswa rezin ranpli chak ane (yon fwa pou chak dan pou chak sifas chak 36 mwa). • Kat pwosedi ki gen ladan ekstraksyon oswa retire rasin rezidyèl dan chak ane. • Yon dekalè parodontal/ planaj rasin pou chak kadran chak ane. • Yon debridman bouch konplè chak 24 mwa youn apre lòt. • De antretyen parodontal chak ane.

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
	<p>Yo ka mande otorizasyon davans pou sèvis dantè konplè.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Yon pwotèz konplè oswa yon Pati nan machwè anwo a (pa vout) chak twazan. • Yon pwotèz konplè oswa yon Pati nan machwè pi ba a (pa vout) chak twazan. • Lòt sèvis dantè jeneral yo lè medikalman nesèsè. <p>Yo ka mande otorizasyon davans pou sèvis dantè konplè.</p>
<p>Swen lopital pou pasyan ki entène</p>	<p>Plan sa a kouvri jou pasyan ki entène san limit.</p>	<p>Plan sa a kouvri 90 jou pasyan ki entène pou chak peryòd benefis ak 60 "jou rezèv pou tout lavi" siplemanntè pou chak lavi.</p>
<p>Kouvèti siplemanntè pou medikaman san preskripsman</p>	<p>Plan sa a kouvri kèk medikaman san preskripsyon ak atik konsènan sante ki apwouve, jiska \$125 chak mwa. Kantite lajan Medikaman ki pa bezwen preskripsyon (OTC) ki pa itilize yo pa transfere de mwa a mwa.</p>	<p>Plan sa a kouvri sèten medikaman san preskripsyon ak atik konsènan sante ki apwouve, jiska \$128 chak mwa. Kantite lajan OTC ki pa itilize yo ekspire nan fen chak mwa.</p>
<p>Sipò nan Kay</p>	<p>\$0.00 kopeman pou sipò nan kay la.</p>	<p>Sipò nan kay la <u>pa</u> kouvri.</p>

Pri	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochè)
<p>Alokasyon Opsyon Chak Jou</p>	<p>Opsyon Alokasyon Chak jou pou Pwovizyon, Pwodwi pou Swen kay ak Bèt Domestik, ak Sèvis Piblik yo</p> <p>\$0.00 kopeman</p> <p>Plan sa a ofri yon alokasyon pou depans chak mwa \$200 sou kat Prepeye Benefits Mastercard® ou. Ou gen fleksibilite pou chwazi ki jan ou vle depanse alokasyon ou an pou nenpòt nan avantaj sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Episri: Atik manje tankou vyann fre, fwidmè, fwi, legim, pwodui letye, gadmanje, ak plis ankò. • Founiti pou swen pou kay ak bèt domestik: kèk pwodwi papyè, konsèvasyon manje, pwodui netwayaj nan kay la ak atik swen bèt domestik ki apwouve. • Sèvis piblik: pou pèman sèvis gaz natirèl/pwopàn, elektrik, dlo, kab, entènèt, oswa telefòn selilè. <p>Kantite lajan ki pa itilize yo ekspire nan fen chak mwa.</p>	<p>Alokasyon pou Opsyon Chak jou pou Episri, Aparèy Asistans, ak Sèvis Itilite</p> <p>\$0.00 kopeman</p> <p>Materyèl Pou Swen Lakay ak Bèt Domestik ki <u>pa</u> kouvri.</p> <p>Plan sa a ofri yon alokasyon pou depans chak mwa \$225 sou kat Prepeye Benefits Mastercard® ou. Ou gen fleksibilite pou chwazi ki jan ou vle depanse alokasyon ou an pou nenpòt nan avantaj sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Episri: Atik manje tankou vyann fre, fwidmè, fwi, legim, pwodui letye, gadmanje, ak plis ankò. • Aparèy Asistans: Chèz twalèt ADA, chèz pou douch, tèt douch nan men yo, aparèy pou rive, ranp papòt chèz woulant tanporè, ak plis ankò. • Sèvis piblik: pou pèman sèvis gaz natirèl/pwopàn, elektrik, dlo, kab, entènèt, oswa telefòn selilè. <p>Kantite lajan ki pa itilize yo ekspire nan fen chak mwa.</p>

Seksyon 1.5 – Chanjman nan Pati D Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon

Chanjman nan Lis Medikaman Nou an

Yo rele lis medikaman nou yo yon Fòmilè oswa Lis Medikaman. Yo bay yon kopi Lis Medikaman nou an yon fason elektwonik. **Ou ka jwenn Lis Medikaman konplè** a lè w rele Sèvis Manm (gade kouvèti do a) oswa vizite sit entènèt nou an www.healthsun.com.

Nou te fè chanjman nan Lis Medikaman nou an, ki ta ka gen ladan retire oswa ajoute medikaman, chanje restriksyon ki aplike nan kouvèti asirans nou an pou sèten medikaman oswa deplase yo nan yon nivo pataj pri diferan. **Revize Lis Medikaman an pou asire w medikaman w yo pral kouvri ane pwochè epi wè si pral genyen nenpòt restriksyon, oswa si yo te deplase medikaman w lan nan yon lòt nivo pataj pri.**

Pifò nan chanjman ki fèt nan Lis Medikaman an nouvo pou kòmansman chak ane. Sepandan, nou ka fè lòt chanjman règ Medicare pèmèt yo ki pral afekte w pandan ane plan an. Nou aktyalize Lis Medikaman sou Entènèt nou an omwen chak mwa pou bay lis medikaman ki pi ajou. Si nou fè yon chanjman ki pral afekte aksè ou a yon medikaman w ap pran, n ap voye yon avi ba ou sou chanjman an.

Si yon chanjman nan kouvèti medikaman afekte w nan kòmansman ane a oswa pandan ane a, tanpri revize Chapit 8 *Prèy Kouvèti Asirans* ou an epi pale ak pale ak doktè w pou ou konnen opsyon ou genyen yo, tankou mande yon materyèl tanporè, aplike pou yon eksepsyon, ak/oswa travay pou jwenn yon nouvo medikaman. Ou ka kontakte Sèvis Manm tou pou plis enfòmasyon.

Kounye a, nou ka retire imedyatman yon medikaman ki gen non mak sou Lis Medikaman nou an si nou ranplase li ak yon nouvo vèsyon medikaman jenerik ki sou menm nivo oswa yon nivo pataj pri ki pi ba epi avèk menm restriksyon oswa mwens restriksyon ak medikaman mak li ranplase a. Epitou, lè nou ajoute yon nouvo jenerik, nou ka deside tou pou kenbe medikaman ki gen non mak la sou Lis Medikaman nou an, men imedyatman deplase li nan yon nivo pataje pri diferan oswa ajoute nouvo restriksyon sou li oswa tou lè de.

Kòmansman nan 2025, nou ka imedyatman ranplase pwodwi byolojik orijinal yo ak sèten byosimilè. Sa vle di, pa egzanp, si w ap pran yon pwodwi byolojik orijinal yap ranplase ak yon byosimilè, ou ka pa resevwa avi sou chanjman an 30 jou anvan nou fè l oswa ou ka pa jwenn yon pwovizyon pou yon mwa nan pwodwi byolojik orijinal ou nan yon famasi rezo. Si w ap pran pwodwi byolojik orijinal la nan moman nou fè chanjman an, w ap toujou jwenn enfòmasyon sou chanjman espesifik nou te fè a, men sa ka rive apre nou fè chanjman an.

Kèk nan kalite medikman sa yo ka nouvo pou ou. Pou definisyon kalite medikaman, tanpri gade Chapit 11 *Prèy Kouvèti* ou a. Administrasyon Manje ak Medikaman (FDA) bay enfòmasyon pou konsomatè yo tou sou medikaman yo. Konsilte sit entènèt FDA: <https://www.fda.gov/drugs/biosimilars/multimedia-education-materials-biosimilars#For%20Patients>. Ou ka kontakte Sèvis Manm tou oswa mande founisè swen sante w, moun k ap preskri w oswa famasyon w pou plis enfòmasyon.

Chanjman nan Avantaj ak Depans Medikaman Preskripsyon yo

APati 2025, gen twa **etap pèman medikaman**: Etap Dediktib Anyèl la, Etap Kouvèti Inisyal la, ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Etap Karans Kouvèti a ak Pwogram Rabè Karans Kouvèti a p ap egziste ankò nan avantaj Pati D la.

Pwogram Rabè Karans Kouvèti a pral ranplase tou pa Pwogram Rabè Fabrikan a. Anba Pwogram Rabè Fabrikan a, Fabrikan medikaman yo peye yon Pati nan pri total plan an pou medikaman ak byolojik mak ki kouvri Pati D yo pandan Etap Kouvèti Inisyal la ak Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè Fabrikan yo peye anba Pwogram Rabè Fabrikan a pa konte nan depans ki soti nan pòch yo.

Chanjman nan Etap Dediktib la

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
Etap 1: Etap Dediktib chak ane	Etap peman sa a pa aplike pou ou.	Etap peman sa a pa aplike pou ou.

Chanjman nan Pataj Pri ou an nan Etap Kouvèti Inisyal la

Pou medikaman sou Jenerik Prefere, Jenerik, ak Mak Prefere, pataje pri ou nan Etap Kouvèti Inisyal la ap chanje soti nan ko-asirans a yon kopèman. Tanpri gade tablo sa a pou chanjman yo soti nan 2024 rive nan 2025.

Etap	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
<p>Etap 2: Etap Kouvèti Inisyal</p> <p>Pandan etap sa a, plan an peye Pati li a nan depans medikaman w yo, epi ou peye Pati pa w la nan pri a.</p> <p>Pifò vaksen Pati D pou granmoun yo kouvri gratis pou ou.</p>	<p>Ou pa peye yon kopeman pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.</p> <hr/> <p>Yon fwa depans total medikaman w yo rive nan \$5,030, w ap ale nan pwochen etap la (Etap Eka Kouvèti a).</p>	<p>Ou pa peye yon kopeman pou medikaman Pati D ki kouvri w yo.</p> <hr/> <p>Yon fwa ou fin peye \$2,000 nan pòch pou medikaman Pati D, ou pral ale nan pwochen etap la (Etap Kouvèti Katastwofik).</p>

Chanjman nan Etap Kouvèti Katastwofik la

Etap Kouvèti Katastwofik la se twazyèm ak dènye etap la. APati ane 2025, Fabrikan medikaman yo peye yon Pati nan pri total plan an pou medikaman ak byolojik mak ki kouvri Pati D yo pandan Etap Kouvèti Katastwofik la. Rabè Fabrikan yo peye anba Pwogram Rabè Fabrikan a pa konte nan depans ki soti nan pòch yo.

Pandan Etap Kouvèti Katastwofik la, ou kontinye pa peye anyen pou medikaman Pati D ou yo ki kouvri yo ak pou medikaman ki eskli yo ki kouvri anba avantaj ogmante nou an.

SEKSYON 2 Chanjman Administratif

Deskripsyon	2024 (ane sa a)	2025 (ane pwochèn)
Otorizasyon ak Referans Alavans Nesesè	Plan ou an ka egzije referans ak/oswa otorizasyon alavans pou kèk Sèvis.	Plan w te retire e/oswa te ajoute referans ak kèk egzijans otorizasyon alavans pou kèk sèvis. Tanpri, al gade nan <i>Prèy Kouvèti Asirans</i> ou an pou rekòmandasyon ak kondisyon otorizasyon alavans.
Avantaj Siplemanchè Espesyal pou Kritè Maladi Kwonik (SSBCI)	Ou ka elijib pou benefis siplemanchè espesyal pou maladi kwonik si yo dyagnostike ou ak maladi kwonik ki nan lis nan Chapit 4 <i>Prèy Kouvèti</i> ou epi ranpli sèten kritè.	Plan sa a ap kontinye ofri avantaj siplemanchè espesyal pou malad kwonik. Ou ka toujou elijib pou avantaj espesyal siplemanchè pou maladi kwonik si yo dyagnostike ou ak youn oswa plizyè maladi kwonik ki rann ou elijib ki nan lis nan <i>Prèy Kouvèti</i> ou ak kondisyon ou yo: (1) Èske lavi menase oswa limite sante jeneral ou oswa fonksyon ou yo seryezman; (2) Gen yon gwo risk pou entène lopital oswa lòt rezilta sante negatif; epi (3) Mande kowòdinasyon swen entansif

SEKSYON 3 Deside Ki Plan pou w Chwazi

Seksyon 3.1 – Si ou vle rete nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

Pou w rete nan plan nou an, ou pa bezwen fè anyen. Si w pa enskri pou yon lòt plan oswa si w pa chanje nan Original Medicare anvan 7 Desanm, w ap enskri otomatikman nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP) nou an.

Seksyon 3.2 – Si ou vle chanje plan

Nou espere kontinye genyen w kòm manm ane pwochèn men si w vle chanje plan pou 2025 swiv etap sa yo:

Etap 1: Enfòm epi konpare chwa w yo

- Ou ka rantre nan yon lòt plan sante Medicare,
- — OSWA— Ou ka chanje ale nan Original Medicare. Si w chanje ale nan Original Medicare, w ap bezwen deside si w ap antre nan yon plan Medicare pou medikaman.

Pou aprann plis sou Original Medicare ak diferan kalite plan Medicare yo, sèvi ak Chèche Plan Medicare a (www.medicare.gov/plan-compare), li manyèl *Medicare ak Ou 2025 (Medicare & You 2025)* la, rele Pwogram Asistans Asirans Sante Eta ou an (gade Seksyon 5), oswa rele Medicare (gade Seksyon 7.2).

Etap 2: Chanje pwoteksyon ou

- Pou **chanje ale nan yon lòt plan sante Medicare**, enskri nan nouvo plan an. Yo pral retire w otomatikman nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP).
- Pou w **chanje ale nan Original Medicare avèk yon plan medikaman sou preskripsyon**, enskri nan nouvo plan medikaman an. Yo pral retire w otomatikman nan HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP).
- Pou **chanje ale nan Original Medicare san yon plan medikaman sou preskripsyon**, ou dwe swa:
 - Veye nou yon demann alekri pou dezenskri. Kontakte Sèvis Manm yo si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou w fè sa.
 - – oswa – Ou ka kontakte tou nimewo **Medicare**, nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi mande pou w dezenskri. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.

Si w travèse nan Original Medicare epi w **pa** enskri nan yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsyon, Medicare ka enskri w nan yon plan medikaman sof si w te chwazi pa enskri otomatikman.

SEKSYON 4 Dat limit pou Chanje Plan yo

Si w vle chanje ale nan yon lòt plan oswa nan Original Medicare pou ane pwochèn, ou ka fè sa aPati **15 Oktòb jiska 7 Desanm**. Chanjman an pral aplikab nan dat 1ye Janvyè 2025.

Èske gen lòt moman nan ane a pou fè yon chanjman?

Nan sèten sitiyasyon, yo pèmèt chanjman tou nan lòt moman nan ane a. Egzanp yo gen ladan moun ki gen Medicaid, moun ki resevwa Èd Anplis ("Extra Help") ki peye pou medikaman yo, moun ki gen oswa k ap kite kouvèti asirans travay, ak moun ki deplase kite zòn sèvis la.

Paske ou gen Ajans pou Administrasyon Swen Sante, ou ka mete fen nan afilyasyon ou nan plan nou an nenpòt mwa nan ane a. Ou gen opsyon tou pou w enskri nan yon lòt plan Medicare nenpòt mwa, tankou:

- Original Medicare avèk yon plan Medicare separe medikaman sou preskripsyon
- Original Medicare san yon plan Medicare separe medikaman sou preskripsyon (Si w chwazi opsyon sa a, Medicare gen dwa enskri w nan yon plan pou medikaman, sof si w te refize enskripsyon otomatik.), oswa
- Si w elijib, yon D-SNP entegre ki bay Medicare ou ak pifò oswa tout avantaj ak sèvis Medicaid ou yo nan yon plan.

Si ou te enskri nan yon plan Medicare Advantage pou 1ye Janvyè 2025, epi ou pa renmen plan ou chwazi a, ou ka chanje nan yon lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) oswa chanje nan Original Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) ant 1ye Janvyè pou rive 31 Mas 2025.

Si w te fèk demenaje, ap viv kounye a nan yon enstitisyon oswa ou te fèk kite yon enstitisyon (tankou yon sant retrèt kalifye oswa yon lopital pou swen alontèm), ou ka chanje kouvèti Medicare w **nenpòt ki lè**. Ou ka chanje nan nenpòt lòt plan sante Medicare (swa avèk oswa san kouvèti Medicare pou medikaman sou preskripsyon) oswa chanje nan Original Medicare (swa avèk oswa san yon plan Medicare separe pou medikaman sou preskripsyon) nenpòt ki lè. Si ou te fèk deplase soti nan yon enstitisyon, ou gen yon opòtinite pou chanje plan oswa chanje nan Original Medicare pou de mwa konplè aprè mwa ou demenaje a.

SEKSYON 5 Pwogram Ki Ofri Konsèy Gratis sou Medicare ak Medicaid

Pwogram Asistans Asirans Sante Eta a (SHIP) se yon pwogram gouvènman endepandan ki gen konseye fòmè nan chak Eta. Nan Florida, SHIP la rele Serving Health Insurance Needs of Elders (SHINE).

Se yon pwogram Eta ki resevwa lajan nan men gouvènman Federal la pou bay moun ki gen Medicare konsèy sou Asirans sante lokal **gratis**. Konseye Sèvi Bezwen Asirans Sante Granmoun (SHINE) ka ede w ak kesyon oswa pwoblèm Medicare w yo. Yo ka ede w konprann chwa plan Medicare w yo epi reponn kesyon sou chanjman plan. Ou ka rele Sèvi Bezwen Asirans Sante Granmoun (SHINE) nan 1-800-96-ELDER (1-800-963-5337) (TTY 1-800-955-8770). Ou ka aprann plis sou Sèvi Bezwen Asirans Sante Granmoun yo (SHINE) lè w vizite sit entènèt yo a (<http://www.floridashine.org/>)

Pou kesyon sou avantaj Ajans pou Administrasyon Swen Sante ou, kontakte Ajans pou Administrasyon Swen Sante, 1-877-711-3662, TTY: 1-866-467-4970, 8:00 am - 8:00 pm ET, Lendi, Jedi, 8:00 am - 7:00 pm ET, Madi, Mèkredi, Vandredi. Mande kijan ou rantre nan yon lòt plan oswa retounen nan Original Medicare afekte fason ou jwenn kouvèti Florida Medicaid ou an.

SEKSYON 6 Pwogram Ki Ede Peye pou Medikaman sou Preskripsyon

Ou ka kalifye pou èd pou peye pou medikaman sou preskripsyon. Pi ba a nou fè lis diferan kalite èd:

- **Èd Anplis ("Extra Help") ki soti nan Medicare.** Paske ou gen Medicaid, ou deja enskri nan Èd Anplis ("Extra Help"), yo rele tou Sibvansyon pou Revni ki fèb. Èd Anplis ("Extra Help") peye kèk nan prim medikaman sou preskripsyon, dediktib ak ko-asirans anyèl ou yo. Paske ou elijib, ou pa gen yon eka kouvèti oswa penalite pou enskripsyon an reta. Si w gen kesyon sou Èd Anplis ("Extra Help"), rele:
 - 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048, 24 sou 24, 7 jou sou 7;
 - Biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 ant 8 am ak 7 pm, Lendi jiska Vandredi pou yon reprezantan. Mesaj otomatik yo disponib 24 èdtan pa jou. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-800-325-0778; oswa
 - Biwo Medicaid Eta ou a.

SEKSYON 7 Kesyon?

Seksyon 7.1 – Jwenn Èd nan men HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP)

Kesyon? Nou la pou ede. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan 1-877-336-2069. (TTY sèlman, rele 1-877-206-0500.) Nou disponib pou apèl nan telefòn soti 8 a.m. jiska 8 p.m., sèt jou pa semèn (eksepte Thansgiving ak Nwèl) soti 1ye oktòb jiska 31 Mas, ak Lendi rive Vandredi (eksepte jou ferye) soti 1ye avril jiska 30 Septanm. Apèl nan nimewo sa yo gratis.

Li Prèy Kouvèti Asirans 2025 ou a (li gen detay sou avantaj ak depans pou ane pwochèn)

Avi Anyèl sou Chanjman sa a ba w yon rezime chanjman nan avantaj ak depans ou yo pou 2025. Pou plis detay, gade nan *Prèy Kouvèti Asirans 2025* la pou Simply Complete HealthSun MediSun Extra (HMO D-SNP). *Prèy Kouvèti Asirans* lan se yon deskripsyon legal detaye sou avantaj plan w yo. Li eksplike dwa ak règleman ou bezwen swiv pou jwenn sèvis ki kouvri ak medikaman sou preskripsyon. Yon kopi sou *Prèy Kouvèti* sitiye li sou sit entènèt nou an sou www.healthsun.com. Ou ka rele Sèvis Manm yo tou pou mande nou voye yon *Prèy Kouvèti Asirans* pou ou pa lapòs.

Vizite Sit Entènèt nou an

Ou kapab tou vizite sit entènèt nou an sou www.healthsun.com. Kòm yon rapèl, sit entènèt nou an gen enfòmasyon ki pi ajou sou rezo founisè nou an (Anyè Founisè ak Famasi) ak *Lis Medikaman Kouvri (Formulary/Drug List)* nou an.

Seksyon 7.2 – Jwenn Èd nan men Medicare

Pou jwenn enfòmasyon dirèkteman nan men Medicare:

Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)

Ou ka rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 sou 24, 7 jou sou 7. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.

Vizite Sit Entènèt Medicare

Vizite Sit Entènèt Medicare a (www.medicare.gov). Li gen enfòmasyon sou pri, kouvèti, ak bon jan kalite Fidbak Etwal pou ede w konpare plan sante Medicare nan zòn ou an. Pou wè enfòmasyon sou plan yo, ale nan www.medicare.gov/plan-compare.

Li Medicare & You 2025

Li manyèl *Medicare & You 2025* la. Chak sezon otòn, yo voye dokiman sa a pa lapòs bay moun ki gen Medicare. Li gen yon rezime avantaj, dwa ak pwoteksyon Medicare yo, ak repons pou kesyon yo poze souvan sou Medicare. Si ou pa gen yon kopi dokiman sa a, ou ka jwenn li sou sit entènèt Medicare la (<https://www.medicare.gov/Pubs/pdf/10050-medicare-and-you.pdf>) oswa lè w rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227), 24 èdtan pa jou, 7 jou sou sèt. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-877-486-2048.

Seksyon 7.3 – Jwenn Èd nan men Medicaid

Pou jwenn enfòmasyon nan Medicaid ou ka rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante nan 1-877-711-3662. Itilizatè TTY yo ta dwe rele 1-866-467-4970.

Ou ka jwenn aksè nan dokiman plan ou yo sou entènèt.

Apati 15 Oktòb 2024, ou ka jwenn aksè nan dokiman plan enpòtan ou yo sou entènèt nan de fason diferan.

Konekte oswa enskri pou kont sekirize sou entènèt ou an nan www.healthsun.com.

Dokiman plan yo disponib nan dat 15 Oktòb 2024:



Prèv Kouvèti: Pou jwenn detay konplè sou kouvèti asirans ak frè ou yo.

Vizite www.healthsun.com. Anba Enfòmasyon sou Mann, chwazi Resous Manm yo, epi ale nan Fòmilè ak Dokiman epi chwazi non plan w lan.



Fòmilè: Pou jwenn yon lis preskripsyon ki kouvri nan plan w lan.

Vizite www.healthsun.com. Anba Enfòmasyon sou Manb, chwazi Avnataj Medikaman sou Preskripsyon, ale nan Lis Medikaman sou Preskripsyon epi chèche non preskripsyon an non.



Founisè/Administrasyon Famasi: Pou jwenn yon doktè oswa yon famasi ki nan rezo a.

Vizite www.healthsun.com. Chwazi gade nan Founisè oswa Famasi epi tape kòd postal la nan rechèch la.

Si w bezwen èd oswa vle pou yo voye dokiman sa yo pa lapòs ba ou, tanpri rele nou nan **1-877-336-2069** (TTY: **711**).

Limit Responsabilite sou Opyoyid:

Sèvi ak medikaman opyoyid pou trete doulè pandan plis pase sèt jou gen gwo risk tankou - adiksyon, òvèdoz, oswa menm lanmò. Si doulè ou an kontinye, pale ak doktè ou an sou tretman altènatif ki gen mwens risk. Men kèk chwa ou kapab mande doktè ou a: Medikaman ki pa opyoyid, terapi chinwa, oswa terapi fizik pou wè si yo bon pou ou. Chèche konnen fason plan ou a kouvri opsyon sa yo lè w konekte sou kont sekirize sou entènèt ou an.

Pwoteje vi prive ou: Ki kote pou jwenn nou Avi sou pratik konfidansyalite yo

Dwa ou konsènan enfòmasyon sou sante pwoteje w yo

Lwa 1996 sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA) se yon lwa federal ki jere konfidansyalite enfòmasyon sou sante ki ka idantifye endividyèlman. HIPAA egzije nou pou nou fè w konnen disponiblite Avi sou Pratik konfidansyalite nou an. Avi a dekri pratik konfidansyalite nou yo, devwa legal nou yo, ak dwa ou konsènan Enfòmasyon Pwoteje sou Sante yo. Nou dwe swiv pratik konfidansyalite ki dekri nan avi a pandan li anvigè (li pral rete anvigè sof si e jiskaske nou pibliye epi bay yon nouvo avi).

Nou ka itilize done ki disponib piblikman ak/oswa komèsyalman sou ou pou ba w enfòmasyon sou avantaj ak sèvis plan sante ki disponib yo. Nou menm, ansanm ak afilye nou yo ak/oswa vandè yo, ka rele w oswa voye mesaj tèks ba ou lè yo itilize yon sistèm telefòn otomatik ak/oswa yon vwa atifisyèl. Men nou fè sa sèlman nan konfòmite ak Lwa sou Pwoteksyon Konsomatè a nan Telefòn (TCPA). Apèl yo se kapab pou fè w konnen opsyon tretman oswa lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante. Si w pa vle yo kontakte w sou telefòn, jis fè moun ki rele a konnen, epi nou p ap kontakte w nan fason sa a ankò, oswa rele 1-877-336-2069 (TTY: 711) pou ajoute nimewo telefòn ou nan lis Pa Rele nou an.

Ou ka jwenn yon kopi Avi sou Pratik Konfidansyalite nou an sou sit entènèt nou an nan **www.healthsun.com** oswa ou ka kontakte Sèvis Manm yo lè w sèvi avèk enfòmasyon kontak ki sou kat Idantite w la.

Avi Eta a sou Pratik Konfidansyalite

Jan nou endike nan Avi sou Pratik Konfidansyalite HIPAA nou an, nou dwe suiv lwa eta a ki pi sevè pase lwa sou enfòmasyon Konfidansyalite HIPAA federal la. Avi sa a eksplike dwa w ak devwa legal nou yo dapre lalwa eta a.

Enfòmasyon Medicare ou yo

Nou kapab kolekte, itilize, epi pataje enfòmasyon pèsònèl ki pa piblik ou yo (PI) jan sa dekri nan avi sa a. PI se enfòmasyon ki idantifye yon moun epi ki souvan rasanble nan yon zafè asirans.

Si nou itilize oswa divilge PI pou rezon souskripsyon asirans, nou entèdi pou itilize oswa divilge PI ki se enfòmasyon jenetik yon moun pou rezon sa yo.

Nou ka kolekte PI sou ou nan men lòt moun oswa antite tankou doktè, lopital, oswa lòt pòtè maladi.

Nou ka pataje PI ak moun oswa antite andeyò konpayi nou an san KONSANTMAN w nan kèk ka.

Si nou patisipe nan yon aktivite ki ta mande pou nou ba w yon chans pou refize patisipe nan aktivite sa a, n ap kontakte ou. N ap di w ki jan ou ka fè nou konnen ou pa vle nou itilize oswa pataje PI ou pou yon aktivite.

Ou gen dwa pou jwenn aksè ak korije PI w.

Paske PI defini kòm nenpòt enfòmasyon ki ka itilize pou fè jijman sou sante w, finans, karaktè, abitid, pastan, repitasyon, karyè, ak kredi, nou pran mezi sekirite rezonab pou pwoteje PI nou genyen sou ou.

Yon avi eta ki pi detaye disponib sou demann. Tanpri rele nimewo telefòn ki enprime sou kat Idantite w la. Oswa ou ka jwenn plis enfòmasyon nan www.healthsun.com.

**Insert Milti lang
Sèvis Entèprèt Plizyè Lang**

English: We have free interpreter services to answer any questions you may have about our health or drug plan. To get an interpreter, just call us at **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Someone who speaks English can help you. This is a free service.

Spanish: Tenemos servicios de intérprete sin costo alguno para responder cualquier pregunta que pueda tener sobre nuestro plan de salud o medicamentos. Para hablar con un intérprete, por favor llame al **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Alguien que hable español le podrá ayudar. Este es un servicio gratuito.

Chinese Mandarin: 我们提供免费的翻译服务，帮助您解答关于健康或药物保险的任 何疑问。如果您需要此翻译服务，请致电 **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**)。我们的中文工作人员很乐意帮助您。这是一项免费服务。

Chinese Cantonese: 您對我們的健康或藥物保險可能存有 疑問，為此我們提供免費的 翻譯服務。如需翻譯服務，請致 **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**)。我們講中文的人員將樂意為您 提供幫助。這是一項免費服務。

Tagalog: Mayroon kaming libreng serbisyo sa pagsasaling-wika upang masagot ang anumang mga katanungan ninyo hinggil sa aming planong pangkalusugan o panggamot. Upang makakuha ng tagasaling-wika, tawagan lamang kami sa **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Maaari kayong tulungan ng isang nakakapagsalita ng Tagalog. Ito ay libreng serbisyo.

French: Nous proposons des services gratuits d'interprétation pour répondre à toutes vos questions relatives à notre régime de santé ou d'assurance-médicaments. Pour accéder au service d'interprétation, il vous suffit de nous appeler au **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Un interlocuteur parlant Français pourra vous aider. Ce service est gratuit.

Vietnamese: Chúng tôi có dịch vụ thông dịch miễn phí để trả lời các câu hỏi về chương sức khỏe và chương trình thuốc men. Nếu quý vị cần thông dịch viên xin gọi **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**) sẽ có nhân viên nói tiếng Việt giúp đỡ quý vị. Đây là dịch vụ miễn phí.

German: Unser kostenloser Dolmetscherservice beantwortet Ihren Fragen zu unserem Gesundheits- und Arzneimittelplan. Unsere Dolmetscher erreichen Sie unter **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Man wird Ihnen dort auf Deutsch weiterhelfen. Dieser Service ist kostenlos.

Korean: 당사는 의료 보험 또는 약품 보험에 관한 질문에 대해 드리고자 무료 통역 서비스를 제 공하고 있습니다. 통역 서비스를 이용하려면 전화 **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**)

번으로 문의해 주십시오. 한국어를 하는 담당자가 도와 드릴 것입니다. 이 서비스는 무료로 운영됩니다.

Russian: Если у вас возникнут вопросы относительно страхового или медикаментного плана, вы можете воспользоваться нашими бесплатными услугами переводчиков. Чтобы воспользоваться услугами переводчика, позвоните нам по телефону **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Вам окажет помощь сотрудник, который говорит по-русски. Данная услуга бесплатная.

:Arabic إننا نقدم خدمات المترجم الفوري المجانية للإجابة عن أي أسئلة تتعلق بالصحة أو جدول الأدوية لدينا. للحصول على مترجم، فوري ليس عليك سوى الاتصال بنا على **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). سيقوم شخص ما يتحدث العربية بمساعدتك. هذه خدمة مجانية.

Hindi: हमारे स्वास्थ्य या दवा की योजना के बारे में आपके किसी भी प्रश्न के जवाब देने के लिए हमारे पास मुफ्त दुभाषिया सेवाएँ उपलब्ध हैं. एक दुभाषिया प्राप्त करने के लिए, बस हमें **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**) पर फोन करें. कोई व्यक्ति जो हिन्दी बोलता है आपकी मदद कर सकता है. यह एक मुफ्त सेवा है.

Italian: È disponibile un servizio di interpretariato gratuito per rispondere a eventuali domande sul nostro piano sanitario e farmaceutico. Per un interprete, contattare il numero **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Un nostro incaricato che parla Italianovi fornirà l'assistenza necessaria. È un servizio gratuito.

Portuguese: Dispomos de serviços de interpretação gratuitos para responder a qualquer questão que tenha acerca do nosso plano de saúde ou de medicação. Para obter um intérprete, contacte-nos através do número **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Irá encontrar alguém que fale o idioma Português para o ajudar. Este serviço é gratuito.

French Creole: Nou genyen sèvis entèprèt gratis pou reponn tout kesyon ou ta genyen konsènan plan medikal oswa dwòg nou an. Pou jwenn yon entèprèt, jis rele nou nan **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Yon moun ki pale Kreyòl kapab ede w. Sa a se yon sèvis ki gratis.

Polish: Umożliwiamy bezpłatne skorzystanie z usług tłumacza ustnego, który pomoże w uzyskaniu odpowiedzi na temat planu zdrowotnego lub dawkowania leków. Aby skorzystać z pomocy tłumacza znającego język polski, należy zadzwonić pod numer **1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**). Ta usługa jest bezpłatna.

Japanese: 当社の健康 健康保険と薬品 処方薬プランに関するご質問にお答えするために、無料の通訳サービスがあります。通訳をご用命になるには、**1-877-336-2069** (TTY: **1-877-206-0500**) にお電話ください。日本語を話す人者が支援いたします。これは無料のサービスです。

HealthSun Health Plans se yon plan HMO D-SNP ki gen yon kontra Medicare ak yon kontra Medicaid ak Ajans Eta Florid pou Administrasyon Swen Sante. Enskripsyon nan Plan HealthSun Health yo depann de renouvèlman kontra a. Plan an genyen tou yon akò alekri avèk pwogram Medicaid Florida a pou kowòdone avantaj Medicaid ou yo.

CarelonRx, Inc. se yon konpayi endepandan ki bay sèvis jesyon avantaj famasi nan non plan sante w la.

Medicare te apwouve plan pou bay avantaj sa yo ak/oswa kopeman/koasirans kòm yon Pati nan pwogram konsepsyon Asirans baze sou Valè. Pwogram sa a pèmèt Medicare eseye nouvo fason pou amelyore plan Medicare Advantage yo.

Benefits Mastercard® Prepaid Card la se Bancorp Bank NA, Manm FDIC ki bay, dapre lisans Mastercard International Incorporated epi yo ka itilize kat pou depans ki elijib nenpòt kote yo aksepte Mastercard. Valab sèlman nan peyi Etazini Pa gen aksè lajan kach. Sa a se pa yon kat kado oswa yon sètifika kado. Ou te resevwa kat sa a kòm yon gratwite san yo pa peye okenn valè lajan oswa konsiderasyon.

